Jottalileen jële ci man donte benn aaya la, ta ngeen waxtaane waa Banuu Israayil ci lu amul benn jafe-jafe, waaye ku ma fenal te tay ko na waajal ab tooguwaayam ca sawara

Jële nañu ci Abdulaah Ibn Amr -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Jottalileen jële ci man donte benn aaya la, ta ngeen waxtaane waa Banuu Israayil ci lu amul benn jafe-jafe, waaye ku ma fenal te tay ko na waajal ab tooguwaayam ca sawara».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónente bi dafa digle ñu jottali xam-xam biy juge ci moom ci muy Alxuraan walla Sunna, donte tuuti la niki benn aaya Alxuraan walla benn Hadiis, ci sartub mu xam li miy jottali ak limiy woote. Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- leeral na ne jafe-jafe nekkul ci waxtaane Banuu Israayil ci xew-xew ya amoon ci ñoom bu wuutewul ak sunu Sariiha. Topp Mu moytandikuloo ci di ko fenal, tek ci ne kepp ku ko fenal te tay ko na daal di jëlal boppam dëkkuwaayam ca sawara.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3686